Depatman Sante New Jersey
(New Jersey Department of Health)
Sèvis Maladi Kontajye

Egzanp Avi Ekspozisyon - Varisèl

Tanpri konsilte ak LHD ak/oswa NJDOH anvan distribisyon an.
Vèsyon Microsoft® Word disponib sou demann.

[*School/company letterhead*]

Chè [*parent/guardian/staff*]:

N ap ekri pou enfòme ou ke yon moun nan [*school/company name*] te resevwa dyagnostik **varisèl (varicella)**. Konsa, [*you/your child*] **ka te ekspoze**. Responsab sante piblik yo ak [school/company] ap travay ansanm pou ede kenbe kominote a an sekirite. Tanpri li enfòmasyon ki anba yo.

Ki sa Varisèl ye?

Varisèl se yon maladi ki trè kontajye yon viris lakòz. Sentòm yo anjeneral gen ladan lafyèv oswa sentòm ki sanble ak rim, ak yon gratèl ki bay demanjezon ak ti anpoul ki ka parèt sou tout kò a. Pifò moun ki an sante refè san pwoblèm, men konplikasyon ka rive. Moun ki te pran vaksen ka toujou pran varisèl, men maladi yo anjeneral pi lejè epi li dire mwens tan.

Ki sa mwen ta dwe fè?

Depatman Sante New Jersey rekòmande pou pale ak yon pwofesyonèl swen sante sou ekspozisyon posib la. Vaksen kont varisèl la ka ede anpeche maladi a oswa fè sentòm yo pi lejè **si yo bay li nan senk (5) days apre ekspozisyon an**. Yo ka rekòmande vaksinasyon si [you/your child] [has/have]:

- pa janm te gen varisèl
- pa janm pran vaksen
- te resevwa sèlman yon dòz vaksen

Kèlkeswa vaksinasyon anvan an, tanpri **siveye [*your child*] pou sentòm pandan 21 jou apre ekspozisyon an (jiska [date])**. Si varisèl devlope, [*you/your child*] ta dwe rete lakay li olye pou li ale nan [school/work] ak aktivite yo, men li ka retounen nan aktivite nòmal yo lè tout anpoul yo fin fè kwout sou yo (anjeneral anviwon 5–7 jou).

Si gen lòt ka ki rive nan [*name of facility*], moun ki pa te gen varisèl oswa ki pa te pran vaksen ka bezwen rete lakay yo pandan jiska 21 jou dapre direktiv sante piblik yo.

Kijan pou ede anpeche pwopagasyon an

Pi bon fason pou anpeche varisèl se atravè vaksinasyon. Yo rekòmande de dòz vaksen kont varisèl pou timoun 12 mwa ak plis.

Ou ka ede anpeche maladi tou lè ou lave men souvan, kouvri tous ak etènye, rete lakay ou lè ou malad, epi pa pataje gode, istansil, oswa boutèy dlo.

Plis enfòmasyon sou varisèl:

- nj.gov/health/cd/topics/varicella.shtml
- vaccineinformation.org/diseases/chickenpox

Si ou gen kesyon, tanpri kontakte *[Health Department Name/School/Facility*] nan [*phone number*].

Ak senserite,
[Health Officer / School Administrator / Nurse]

SAMPLE